(A) Option A is the correct sentence to add before sentence 11. The third paragraph introduces, and then refutes, a counterclaim about gap years in that they may encourage young people to forgo college entirely. This sentence clearly introduces this counterclaim that the paragraph elaborates on and then refutes with evidence.

Apèsi sou Fason pou Revize/Korije Pati B

Konpetans langaj yo evalye nan seksyon sa a baze sou seksyon **Nòm Aprantisaj Anglè Nouvo Jenerasyon Eta New York la** pou Klas 7 ane, menm jan ak konpetans ak nòm yo te entwodwi nan klas anvan yo. Chak kesyon dirije w pou li yon fraz, yon lis fraz, oswa yon paragraf ki gen fraz ki nimewote. Apre sa, mande w pou rezoud pwoblèm ki lye ak konvansyon lang ak ponktiyasyon. Egzanp yo gen ladan

- seleksyone pi bon koreksyon an pou yon erè
- idantifye yon fraz ki gen yon erè
- amelyore ekriti pandan w ap konbine fraz oswa w ap revize pati nan yon fraz.

Ti Konsèy pou Revize/Korije Pati B

Li tèks ki nan bwat la, epi pran nòt oswa itilize makè pou soulinye pwoblèm ou obsève yo pandan w ap jere tan ki disponib la.

- Èske gen mo, gwoup mo, oswa fraz ki difisil pou li akoz yon erè nan itilizasyon lang oswa ponktiyasyon?
- Èske genyen nenpòt pati nan tèks la ke yo te ka ekri yon fason ki pi klè, pi presi, epi pi egzat?
- Soulinye tèks la byen vit lè ou remake yon erè. Sa ka ede w chwazi yon opsyon repons.

Planifye zouti w yo.



- Deside sou ki zouti ou pral itilize pou seksyon sa a. Èske w ap itilize kanè nòt dijital la oswa papye bouyon an? Èske ou pral itilize zouti makè pou soulinye a? Pratike ak zouti yo anvan tès la.

Planifye tan w.



- Anvan jou tès la, planifye kantite tan ou pral pase nan seksyon sa a. Sonje, kontrèman ak lòt pati nan seksyon ELA a, yon fwa ou ale nan pwochen kesyon an, ou p ap ka retounen pou chanje yon repons nan yon nimewo pase.

Kèk Egzanp Kesyon pou Revize/Korije Pati B

Sample 1: Select the sentence that needs a revision.

Which sentence in the paragraph should be revised to correct an inappropriate shift in verb tense?

(1) For 14 years, James and his dad have had a tradition of attending Yankees games together, but James is leaving for college next week, and he is agonizing over the fact that attending school in Pennsylvania and working there over the summer meant no more games with his dad. (2) One night, as James is packing his clothes into boxes, he hears a soft knock on his bedroom door. (3) As soon as he opens the door, James sees what is in his dad's hands and feels a rush of joy. (4) His dad is holding a bus ticket for a trip home on a weekend in the spring so that father and son can attend a Yankees game together!

A. Sentence 1
B. Sentence 2
C. Sentence 3
D. Sentence 4

Pou detèmine pi bon revizyon pou paragraf sa a, li Fraz 1 nan paragraf la. Si yon revizyon pa nesesè, kontinye li chak fraz ak opsyon repons yo jiskaske ou jwenn repons ki kòrèk la.

Sample 1 Explanation

(A) The sentence is written in the present tense; the verb "meant" shifts incorrectly into past tense. This verb should instead appear in the future tense, "will mean," since the verb refers to how things will be in the future. The corrected sentence will then read, "For 14 years, James and his dad have had a tradition of attending Yankees games together, but James is leaving for college next week, and he is agonizing over the fact that attending school in Pennsylvania and working there over the summer will mean no more games with his dad." Tan prezan, "vle di," (means) te ka itilize tou, paske James sanble rive nan reyalizasyon sa a nan moman prezan an. Itilizasyon "vle di" (means) t ap fè fraz ki korije a jan sa swiv la: "Pandan 14 lane, James ak papa l te genyen yon tradisyon pou patisipe nan match Yankees yo ansanm, men James pral nan fakilte semèn k ap vini, epi l ap soufri paske li prale lekòl nan Pennsilvani epi lefètke li pral travay lòtbò a pandan ete a sa vle di li p ap ka patisipe nan match yo ankò avèk papa l."

Sample 2: Identify a sentence with an error.

Which sentence in the paragraph contains an error in its construction and should be revised?

(1) In 2007, visitors to San Francisco, many of whom were attending an international design conference, had booked almost all of the city's hotel rooms. (2) Looking for a way to earn some extra money, three air mattresses were rented out by roommates Joe Gebbia and Brian Chesky. (3) The 27-year-olds put the mattresses in the loft of their apartment and charged $80 a night, for which guests received a bed, breakfast, and internet access. (4) Soon the entrepreneurs realized that they could capitalize on their idea in a much bigger way, and they established Airbnb, a company that offers around 6 million rental listings in more than 100,000 cities worldwide.

E. sentence 1
F. sentence 2
G. sentence 3
H. sentence 4



Ti konsèy: Panse pou itilize zouti makè pou soulinye a pou make erè a lè ou wè l. Mask Lektè liy la kapab ede w konsantre tou sou chak liy tèks.

Pou idantifye fraz la, byen li fraz la pandan w ap sonje tan yo bay la; pa sèlman fè yon koudèy. Erè a kapab nenpòt kote nan paragraf la.

Sonje ke erè sa a espesifik ak *konstriksyon an*, sa ki vle di li lye ak fason mo ak gwoup mo yo plase nan yon fraz pou reprezante relasyon ki genyen ant lide yo.

Sample 2 Explanation

(F) In sentence 2, the modifier "Looking for a way to earn some extra money" incorrectly modifies "three air mattresses" when it should modify "roommates Joe Gebbia and Brian Chesky." This error in construction can be corrected by making "roommates Joe Gebbia and Brian Chesky" the subject of the main clause and using the active voice. The corrected sentence will read "Looking for a way to earn some extra money, roommates Joe Gebbia and Brian Chesky rented out three air mattresses."

Sample 3: Improve the writing by combining sentences or revising part of a sentence.

What is the **best** way to combine these sentences to clarify the relationship between ideas?

(1) In 2019, 15-year-old Cori "Coco" Gauff defeated Venus Williams in the first round of Wimbledon.

(2) Wimbledon is the world's most prestigious tennis tournament.

(3) Gauff made history as the youngest player in almost 30 years to win a women's singles match at Wimbledon.

A. Making history at the world's most prestigious tennis tournament in 2019, 15-year-old Cori "Coco" Gauff defeated Venus Williams, in the first round, making Gauff the youngest player in almost 30 years to win a women's singles match at Wimbledon.

B. At the world's most prestigious tennis tournament, Wimbledon, 15-year-old Cori "Coco" Gauff made history in 2019 by defeating Venus Williams in the first round, making the teenager the youngest player in almost 30 years to win a women's singles match.

C. In 2019, 15-year-old Cori "Coco" Gauff made history when she defeated Venus Williams in the first round of Wimbledon, becoming the youngest player in almost 30 years to win a women's singles match at the world's most prestigious tennis tournament.

D. In 2019, history was made at the first round of Wimbledon, the world's most prestigious tennis tournament, when 15-year-old Cori "Coco" Gauff defeated Venus Williams to become the youngest player in almost 30 years to win a women's singles match.

Pou konbine fraz yo, mande tèt ou

1. Èske genyen nenpòt mo/lide ki ka itilize pito sèlman yon sèl fwa?
2. Ki jan diferan lide yo konekte? Èske yo reprezante yon kòz a efè, lide opoze yo, yon sekans, elatriye?

Sample 3 Explanation

(C) This revision clarifies the idea that Gauff made history by becoming the youngest player in decades to win a women's singles match at Wimbledon and that she did so when she beat Venus Williams. The revision also explains that Wimbledon is the "world's most prestigious tennis tournament" in a way that is clear and logical.

Fason pou Prepare pou Seksyon Matematik la

Seksyon Matematik la gen 50 pwoblèm mo ak kesyon kalkil. Kesyon Matematik yo enplike aplikasyon konpetans matematik, tèm matematik, ak konsèp jeneral ki soti nan **Nòm Aprantisaj Matematik Nouvèl Jenerasyon Eta New York la**. Eleman SHSAT Matematik yo pral mande pou ou aplike konpetans Matematik yo nan pwoblèm konplèks, pwoblèm ki gen plizyè etap yo.

Nan seksyon Matematik la, ou dwe reponn chak kesyon anvan ou kapab ale nan kesyon apre a. Ou p ap kapab retounen nan kesyon an apre ou fin ale nan pwochen kesyon an.

Fè Envantè Zouti w yo

Makè pou Soulinye		Soulinye tèks ou vle make kòm enfòmasyon ki enpòtan an.
Eliminatè Repons		Bife opsyon repons ou konnen ki pa kòrèk yo.
Kanè Nòt		Pran nòt oswa rezoud pwoblèm matematik yo. Kanè nòt la pral aktyalize pou chak kesyon.
Kreyon		Itilize souri w la pou desine sou kesyon tès oswa pasaj yo pou ede w travay sou kesyon yo. Ou ka defèt, refè, oswa efase mak kreyon yo.
Mask Lektè Liy		Kouvri tèks ki antoure sèten liy pou kapab konsantre w sou yo.
Editè Ekwasyon		Ou pral itilize editè ekwasyon an pou antre repons pou kèk kesyon. Abitye tèt ou ak zouti sa a pou ou ka itilize l pi fasil.

Paj ki swiv yo dekri divès konsèy pou ede w prepare w pou fè seksyon Matematik SHSAT la. Yo gen ladan bagay ki swiv yo:

- ti konsèy pou amelyore konpetans ou nan Matematik
- ti konsèy pou kenbe nan tèt ou sou sa yo atann nan seksyon Matematik SHSAT la
- ti konsèy pou rezoud pwoblèm Matematik

Kesyon matematik ki nan fòmilè tès Klas 8 la baze sou nòm aprantisaj Eta New York yo jiska Klas 7yèm ane. Kesyon Matematik nan fòm tès Klas 9yèm ane yo baze sou nòm yo jiska Klas 8yèm ane.

Ti Konsèy pou Amelyore Konpetans Ou nan Matematik

Revize Resous Matematik yo.

- Itilize manyèl Matematik ou an, chèche lòt resous Matematik yo nan lekòl la oswa nan bibliyotèk lokal ou an, oswa mande pwofesè ou an pou rekòmande resous pou ou itilize.

Fè pratik pandan w ap rezoud kesyon Matematik chak jou. Rezoud alafwa kesyon debaz ak kesyon difisil.

- Kesyon debaz yo ranfòse konpetans Matematik tankou senplifikasyon fraksyon ak aplikasyon konsèp estatistik yo.
- Kesyon ki pi difisil yo mande pou etabli ekwasyon konplèks ak plizyè etap. Yo ka mande tou pou itilize plizyè tip konpetans Matematik. Pa egzanp, ou kapab itilize fraksyon, rezoud ekwasyon, epi aplike konesans ou sou estatistik pou reponn yon kesyon.

Kèk Bagay pou Sonje Pandan W ap Prepare W pou Seksyon Matematik la

Revize tèm matematik yo, senbòl, ak fòmil yo.

- Ou dwe konnen definisyon tèm matematik ki apwopriye pou nivo klas ou an, tankou “paralèl” ak “pèpandikilè,” ak senbòl ki reprezante tèm sa yo tou.
- Etidye tèm matematik yo, senbòl yo, ak fòmil yo, tankou sila yo pou perimèt, sifas, volim, ak espas sifas divès figi ki gen 2 ak 3 dimansyon. Itilize materyèl klas matematik ou yo, epi fè referans ak Nòm Aprantisaj Matematik Nouvo Jenerasyon Eta New York la. Fòmil ak materyèl referans yo disponib tou sou sitwèb depatman edikasyon Eta New York la.
- Yo P AP bay definisyon ak eksplikasyon pou tèm, senbòl, ak fòmil yo nan dokiman tès la. Fè pratik pandan w ap itilize yo pou rezoud kesyon jiskaske ou rive memorize fòmil yo epi ou ka itilize yo san pwoblèm.
- Revize definisyon ak bon jan itilizasyon senbòl matematik yo nan palèt Editè Ekwasyon an tankou parantèz (), rasin kare, ak pwen miltiplikasyon.

Planifye zouti w yo.



- Deside sou ki zouti ou pral itilize nan seksyon Matematik la. Èske w ap itilize zouti kanè nòt dijital la oswa papye bouyon an? Èske w pral soulinye pati enpòtan yo nan kesyon an? Familyarize w avèk zouti yo ak tip kesyon yo nan Zouti Preparasyon Elèv la.

Planifye tan w.



- Anvan jou tès la, planifye kantite tan ou pral pase nan seksyon Matematik la. Sonje, ou pa ka retounen yon fwa ou rive nan pwochen kesyon an.

Ti Konsèy pou Rezoud Pwoblèm Matematik

Byen li chak kesyon.

- Byen li pou kapab rezoud pwoblèm ki konplèks yo avèk presizyon pandan w ap *itilize* enfòmasyon ki enpòtan sou kesyon an.
- Asire w ou note konbyen chwa repons oswa repons ki nesesè pou jwenn yon repons konplè pou kesyon an.
- Soulinye pati yo nan kesyon an, tankou nan Egzanp 1 an, pou asire ou mete tout enfòmasyon yo lè w ap rezoud pwoblèm nan.
- Itilize eliminatè repons lan pou make repons ou panse ki pa kòrèk yo.
- Chanje mo nan kesyon an an senbòl matematik (jan sa endike nan Egzanp 1 ak Egzanp 2 a). Deside si ou pral itilize papye bouyon oswa kanè nòt dijital la. Li ka pi rapid pou ou itilize yon papye bouyon si sa se fason ou abitye rezoud pwoblèm matematik yo. Ou ta dwe chwazi metòd ki pi bon pou ou a.

Ou dwe reponn pifò kesyon yo pandan w ap travay pou jwenn repons lan.

- Lè ou rezoud pwoblèm nan *anvan* ou gade opsyon repons yo pi efikas pase lè w gade opsyon repons yo an premye epi *apre sa* ou eseye estime presizyon yo chak pou jwenn repons ki kòrèk la.

Li pi bon pou rezoud pwoblèm yo sou papye (olye ou fè sa sèlman nan tèt ou) epi konsantre w pou *rezoud* yo olye w *seleksyone yo*.

- Lè w jwenn yon repons, gade chwa ki endike yo. Si repons ou an enkli nan chwa yo, epi ou kwè se repons ki kòrèk la, make l. Si li pa kòrèk, retounen sou kesyon an epi rezoud li ankò.
- Si repons ou an pa twouve l pami opsyon repons yo, konsidere lòt fason pou ekri repons ou an. Pa egzanp, $\frac{5}{9}(3 + x)$ ekivalan ak tout sa ki swiv yo:
  $\frac{5(3 + x)}{9}$ epi $\frac{5}{3} + \frac{5}{9}x$ ak $\frac{5}{3} + \frac{5x}{9}$.
- Si repons ou an toujou pa twouve l pami opsyon repons yo, eseye byen devine.

Sample 1

\+ x, x+1 = −15

The sum of two consecutive integers is −15. If 1 is added to the smaller integer and 2 is subtracted from the larger integer, what is the **product** of the two resulting integers?

Sample 2

J 2K J−5 K+5

Jenny starts a game with twice as many marbles as Keiko. Jenny gives Keiko 5 marbles, but she still has 10 more than Keiko. How many marbles did Jenny have to start with?

+10

A. ~~25~~

B. 30

C. 35

D. 40

J=2K

J−5=(K+5)+10




Ti Konsèy: Itilize eliminatè repons lan pou make repons ou panse ki pa kòrèk yo.



Ti Konsèy: Ou kapab vle itilize zouti kreyon an oswa kanè nòt dijital la OSWA ou kapab prefere itilize papye bouyon.

Desine figi oswa dyagram pou kesyon ki pa genyen yo.	➤ Desine figi oswa dyagram, tankou nan egzanp ki anba a, pou ede w vizyalize sa kesyon an ap dekri a.

Sample 3



The perimeter of a rectangle is 510 centimeters. The ratio of the length to the width is 3:2. What are the dimensions of this rectangle?

E. 150 cm by 105 cm
F. 153 cm by 102 cm
G. 158 cm by 97 cm
H. 165 cm by 90 cm

Desine dyagram yo epi idantifye figi yo.

Ti Konsèy: Deside si w ap itilize zouti kreyon an, kanè nòt dijital la, oswa papye bouyon pou pran nòt ak trase dyagram.

Fè yon pa alafwa.	➤ Kèk kesyon mande w pou konbine yon seri etap. Ekri yon etap alafwa, tankou nan egzanp ki anba a, pou rezoud pwoblèm ki gen plizyè etap yo.

Sample 4

1 dollar = 7 lorgs
1 dollar = 0.5 dalt

Malik has 140 lorgs and 16 dalts. If he exchanges the lorgs and dalts for dollars according to the rates above, how many dollars will he receive?

A. $28
B. $52
C. $182
D. $282

$\frac{140}{x} = \frac{7}{1}$

$7x = 140$

$x = \$20$

Etap 1: Konvèti lorgs yo an dola.

$\frac{16}{x} = \frac{0.5}{1}$

$0.5x = 16$

$x = \$32$

Etap 2: Konvèti dalts yo an dola.

$20 + 32 = \$52$

Etap 3: Ajoute konvèsyon lorgs ak dalts ou yo ansanm.

Sample 1 Explanation

If x is the smaller consecutive integer, then x +1 is the larger consecutive integer. Use their sum −15 to find x:

$x + (x + 1) = -15$
$2x + 1 = -15$
$2x = -16$
$x = -8$

The two consecutive integers are −8 and −7.
One is added to the smaller integer: −8 + 1 = −7.
Two is subtracted from the larger integer: −7 – 2 = −9.
Find the product: $-7 \times -9 = 63$.

Sample 2 Explanation

(D) Set up some equations.

Jenny (J) has twice as many marbles as Keiko (K): $J = 2K$
Jenny gives Keiko 5 marbles, so now they each have: $J - 5$ and $K + 5$ marbles.
Jenny still has 10 more than Keiko:
J – 5 = (K + 5) + 10

To find how many marbles Jenny had to start with, solve $J = 2K$ for K and substitute that into the second equation:

In equation $J = 2K$, solve for K: $K = \frac{J}{2}$.
Substitute $\frac{J}{2}$ in for K.

$J - 5 = (K + 5) + 10$

$J - 5 = \left(\frac{J}{2} + 5\right) + 10$


$J - 5 = \frac{J}{2} + 15$

$\frac{J}{2} = 20$

$J = 40$ marbles

Sample 3 Explanation

(F) Let $2x$ = the width and $3x$ = the length.
Draw the rectangle to help visualize.



Since $2w + 2l = P$, we get

$2(2x) + 2(3x) = 510$
$4x + 6x = 510$
$10x = 510$
$x = 51$
$2x = 102$cm and $3x = 153$ cm

Sample 4 Explanation

(B) Use proportions to make the conversions:

Lorgs to dollars:

$$\frac{140}{x} = \frac{7}{1}$$

$7x = 140$

$x = \$20$

Dalts to dollars:

$$\frac{16}{x} = \frac{0.5}{1}$$

$0.5x = 16$

$x = \$32$

Total dollars = 20 + 32 = $52

2.0 Prepare pou jou egzamen an

2.1 Kisa pou w pote nan sesyon egzamen an

Nan sesyon egzamen an ou DWE pote bagay sa yo:

- Teknoloji sipò (si gen sa nan IEP ou a ak nan tikè egzamen an)

Ou KAPAB, men ou pa oblije pote:

- TIKÈ EGZAMEN SHSAT ou a
- adwaz panche
- kreyon ki gen pwent fèt ak gòm
- grab kreyon
- Siliyè (highlighter)
- yon mont ki pa sonnen epi ki PA yon kalkilatris
- yon ti snack ki pa fè bri ki vlope (Elèv ka pran snack yo avan yo kòmanse bay egzamen an oswa pandan yon poz; yo PA ka manje snack la pandan y ap pran egzamen an.)
- dlo (nan yon veso anplastik ki pa fè bri si l chavire)

2.2 Kisa pou PA pote

Sa yo pa otorize

- ✗ pwòp òdinatè pa w (ya p ba w yon òdinatè pou w pran egzamen an)
- ✗ kamera
- ✗ kalkilatris
- ✗ smart watches
- ✗ tablet/iPad, ebook reader
- ✗ ekoutè, ekoutè ki pa elektwonik, linèt entèlijan, telefòn sèlilè, nenpòt lòt aparèy elektwonik
- ✗ materyèl ekri ki soti deyò
- ✗ soda, ji, oswa nenpòt lòt bwason eksepte dlo; dlo se sèl bwason yo pèmèt nan lokal egzamen an

Mesaj sou selilè

Yo pèmèt selilè nan lokal egzamen an, men:

1. yo dwe etenn

2. ou pa ka genyen yo avèk ou pandan egzamen an—sa vle di yo pa ka nan pòch ou, nan men w oswa sou biwo w

Lokal egzamen an ap eksplike w sa pou fè avèk selilè a avan egzamen an kòmanse. Y ap mande w pou fèmen telefòn, kamera ak lòt aparèy elektwonik epi kenbe yo yon kote dapre règleman lokal kote y ap bay egzamen an.

Y ap bay bagay sa yo

- yon aparèy òdinatè pou pran egzamen an.
- papye bouyon, ou ka itilize pou pran nòt ak pou rezoud kalkil matematik epi ya p ramase l nan fen egzamen an.
- SÈLMAN ELL ak ansyen ELL ki elijib ap gen aksè nan yon glosè bileng pou egzamen an. Gade sitwèb SHSAT la pou plis enfòmasyon pou sipò egzamen pou ELL.

2.3 Sa pou atann nan jou egzamen an

- Si w ap pran egzamen an pandan jounen lekòl, se pou rive lekòl la nan lè regilye sofsi lekòl la te ba w yon lòt lè pou w rive.
- si w ap pran egazamen an nan wikenn, asire w rive nan lokal egzamen an nan lè ki sou tikè egzamen SHSAT ou a. Tanpri sonje sa a se lè pou rive a, se pa lè egzamen an ap kòmanse. Egzamen an ap kòmanse pi vit posib apre lè ki sou tikè w la. Nan kèk ka, egzamen an ka kòmanse 1èdtan oswa plis apre lè rive ki sou tikè egzamen an.
- Nan lokal k ap bay egzamen nan wikenn, avan egzamen an kòmanse, estaf nan lokal la ka fè yon foto oswa videyo tout elèv nan chak sal egzamen yo. Yo pral itilize imaj sa yo pou kesyon sekirite egzamen yo sèlman.
- Elèv ki gen tan estanda pou pran egzamen gen 180 minit. Elèv ki gen tan akomodasyon pwolonje gen 360 minit. Elèv ki gen akomodasyon sa a ap gen yon pòz lè 180 minit lan fini, epi yon lòt pòz apre 90 minit pase.

2.4 Kòmansman egzamen an

Avan w kòmanse pran egzamen an, ou pral li sou ekran deklarasyon pou rekonèt ki di ou santi ou byen pou pran egzamen an, ou abite nan Vil Nouyòk epi ou w ap pran egzamen pou nivo klas ki kòrèk la. Chwazi kazye sou ekran an ki di ou dakò.

- Si ou pa santi w byen, ou dwe enfòme siveyan egzamen an imedyatman; ou pa dwe kòmanse pran egzamen an, ni siyen deklarasyon an. Depi w kòmanse egzamen an, ou pa ka mande pou repran l nan yon lòt dat akoz ou te malad.
- Asire w ap pran egzamen an pou nivo klas kòrèk la.
- Si w ap pran egzamen an pandan jounen lekòl, se pou rive lekòl la nan lè regilye sofsi lekòl la te ba w yon lòt lè pou w rive.

Lè yo di w pou kòmanse egzamen an, ou dwe li ak suiv eksplikasyon sou kòman pou chwazi repons pou chak kesyon.

Ou ka ekri sou papye bouyon yo bay la pou travay sou ELA oswa sou kesyon matematik yo, men ou dwe chwazi repons ou yo sou fòm ki sou entènèt la pou yo ka konsidere yo Li pa p posib pou reponn kesyon apre lè egzamen an fini. Yo p ap konsidere enfòmasyon ou ekri sou papye bouyon an.

2.5 Move konduit elèv

Yo aplike règ sa yo avèk anpil severite pou aisre tout elèv fè yon eksperyans egzamen ki jis epi pou prezève entegrite ki gen nan nòt SHSAT yo.

- Yo atann elèv yo suiv kondisyon ki tabli nan seksyon 2.2 konsènan aparèy elektwonik yo. Yo p ap pèmèt okenn elèv ki refize mete yon kote oswa fèmen yon aparèy ki entèdi pran egzamen an epi yo p ap ba li opòtinite pou repran egzamen an nan yon lòt dat.
- Pandan egzamen an (ladan pandan tan poz yo) ou p ap kapab kominike avèk lòt elèv nan okenn fason. Sa gen ladan bagay sa yo ak lòt ankò:
  - pale, ekri ak pase ti nòt
  - pataje repons ou yo avèk lòt elèv
  - gade repons lòt elèv
  - anrejistre kesyon egzamen yo
  - gen yon selilè, kamera oswa yon lòt aparèy elektwonik (menmsi li etenn)
- Pandan egzamen an (ladan pandan tan poz yo), ou pa ka itilize aparèy yo ba w pou pran egzamen an pou fè lòt bagay, epi ou p ap gen aksè nan okenn lòt aplikasyon ki pa nan platfòm pou pran egzamen an.
- Pandan egzamen an (ladan pandan tan poz yo), ou pa ka itilize okenn aparèy elektwonik yo entèdi, ladan telefòn selilè w.
- Depi w rive nan fen egzamen an ak/oswa siveyan an mande w pou kanpe egzamen an, ou pa ka itilize okenn zouti dijital, rantre repons, ekri sou papye bouyon ni chanje okenn repons sou ekran an.
- Ou pa gen dwa pataje kesyon ak repons egzamen yo avèk okenn moun ki andeyò lokal y ap bay egzamen an. Se tou yon vyolsasyon règleman sou move konduit elèv pou pran kesyon, repons oswa nenpòt lòt enfòmasyon sou egzamen lòt elèv. Si yon moun pataje avèk ou kesyon/repons ki nan egzamen an, oswa ou okouran enfòmasyon sa yo ap sikile, yo atann pou rapòte vyolasyon sa a imedyatman bay HSenrollment@schools.nyc.gov.

Si yo kenbe elèv ap fè nenpòt nan bagay sa yo, y ap anile egzamen li an.

- Yo p ap pèmèt elèv klas 8yèm ane pou pran egzamen an ankò avan pwochen ane lekòl la.
- Elèv ki nan klas 9yèm ane kounye a p ap gen opòtinite pou pran egzamen an apre klas 9yèm ane a.

Lekòl Leta Vil Nouyòk rezève dwa pou anile egzamen yon elèv pou nenpòt vyolasyon sou entegrite egzamen ladan, men ki pa sa yo sèlman, sitiyasyon ki dekri pi wo yo. Anplis lekòl leta Vil Nouyòk gen otorite pou mennen envestigasyon sou tout ka move konduit, menmsi elèv la pa enskri nan yon NYCPS; sepandan, si elèv ki komèt vyolasyon an pa yon elèv nan Lekòl Leta Vil Nouyòk, NYCPS atann koperasyon total lekòl elèv sa a nan kolekte enfòmasyon sou akiszasyon move konduit la.

3.0 Kisa k ap pase lè m fin pran egzamen SHSAT la?

3.1 Revandikasyon pou iregilarite nan egzamen

NYCPS fè anpil efò pou asire yo bay egzamen SHSAT la nan yon fason ki jis ak ki konsistan pou tout elèv. Sepandan, si w panse gen pwoblèm oswa iregilarite nan egzamen an pandan nenpòt pati nan SHSAT la, ou ta dwe mete siveyan an okouran tousuit. Sa ka gen ladan maladi elèv, pwoblèm teknik, yon erè ki nan egzamen an, twòp distraksyon oswa konpòtman elèv ki pa apwopriye. Siveyan an ap eseye korije sitiyasyon an epi l ap fè w ekri yon deklarasyon sou sa ki pase a nan fen egzamen an.

Oumenm ak paran/responsab ou dwe rapòte tout pwoblèm onivo siveyans oswa iregilarite ou sispèk ki gen nan egzamen an, nan youn nan fason sa yo:

1) Voye yon demand elektwonik nan **HSEnrollment@schools.nyc.gov**, oswa

2) Voye yon lèt sètifye pa lapòs avèk prèv yo delivre l nan:

Office of Student Enrollment
52 Chambers Street, Room 415
New York, NY 10007

Tout demand sa yo dwe fèt pa pi ta pase **yon semèn** apre dat yo fin bay egzamen an.

Pou tout revandikasyon, tanpri mete non paran/responsab ak elèv la, ansanm ak nimewo telefòn ak/oswa enfòmasyon sou imèl pou yo kontakte w. Yo p ap konsidere okenn revandikasyon pou iregilarite nan egzamen ki poste pi ta pase yon semèn apre dat ou te pran egzamen an. Y ap reponn reklamasyon yo dapre chak ka anpatikilye.

Lòt solisyon anplis: Si ou pa satisfè avèk fason NYCPS te jere sitiyasyon konsènan iregilarite nan egzamen yo oswa move konduit elèv, ou ka konteste desizyon NYCPS a devan Komisè Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Education Department, NYSED) jan sa di nan Lwa 310 sou Edikasyon Nouyòk la. Aprann jan pou fè yon kontestasyon sou sitwèb Komisyonè a nan **counsel.nysed.gov/appeals**.